...я считаю
что эта газета должна быть
4.05.2004.
А.-Х. Кадыров

Медаль «За заслугу перед Чеченской Республикой»
Орден «За заслуги перед Уммой» - 1 степени

# ЗОРИ ИСЛАМА

Республиканская религиозно-просветительская газета «Исламан ЗIаьнарш»

WWW.ZORI-ISLAMA.COM | ZORI_ISLAMA | ZORI_ISLAMA | ZORI_ISLAMA | ZORIISLAMA95

Арахеца долийна 1990-чу шеран 6-чу ноябрехь
Выходит с 6-го ноября 1990 года
Первая религиозно-просветительская газета в СССР

2018-чу шеран 24-гIа май
24 май 2018 года №10 (410)

## ТоьллА совгIат – хьакъволчунна!



Май беттан I5 – чу дийнахь Нажи-Юьртан кIоштарчу Бенахь гIараваьлла вевзаш волчу Iеламстагана Кадыров Хож-Ахьмад-Хьаьжина Нохчийн Республикин уггар а лакхара совгIат – Кадыров Ахьмад-Хьаьжин цIарах Орден елира.

Оцу дийнахь КадыровгIеран исторически Даймахкахь схьайоьллуш яра вайн махкана а доккхачу маьIне йолу объекташ – мутаIеламашна хьафизийн ишкол, рузбанан маьждиг.

Оцу юьртара шен доьзалца дуьххьара Хоси-Юьрта охьакхелхина хиллачу КадыровгIеран дайшх волчу Арсангирин цIе тиллира маьждигана.

Цхьа а шеко йоцуш, дерриге а тешна ду вай – жиманиг а, воккханиг а - Хож-Ахьмад-Хьажина и совгIат догIуш делла хиларх. Олуш ма-хиллара, ша кога ира хIоьттичахьана а ву Хож-Ахьмад-Хьаьжа вайн къомана вецаш, оьшучу массо а меттехь, дика накъост хилла дIахIоьттина.

И аьтто цуьнан хилира, дукха жима волуш дуьйна а бусалба динах тасавелла, цергашца ца лоцуш, кхелашца схьалаьцна цо и лелош хиларна. Ишколехь доьшуш волуш, юьхьанцарчу классашкахь дуьйна бусалба жайнаш хьийхира цунна шен дас Жабраила. Эвлаяэх Байбетир-Хьаьжех хьирчина, цо дуьххьарлера дарсаш хьехна волчу, юха ша 40 шарахь кхечарна дIахьоьхуш, мутаIеламаш кхиийна волчу Iабдул-Къедиран кIант Жабраил а вара махкахь а гIараваьлла Iеламстаг. Кхечу кепара некъ хьулийла а дацара Хож-Ахьмадан.

Меттан говзанча, маслаIатхо, гIараваьлла Iеламстаг хилла дIахIоьттира Хож-Ахьмад-Хьаьжа дукха жима волуш дуьйна а. Дукха маслаIаташкахь мах-кахь гIарабевлла болчу Iеламнахах веттавеллера иза. Царех массех Iеламстеган цIе яккха лаьа суна. Уьш бара: Ширда-Махкара Махмудов Мохьмад, Курчалойн-Эвлара Дохтукаев Абубакар, Хосин-Юьртара Таймасханов Тимирсолта, да Жабраил, деваша Сулим, Iалхан-Юьртара Даккин Жунайд, Ялхойн-Махкара Яхьъя-Хьаьжа, Майртуьпара Сайдин Абубакар, Къурайшийн Жамаллайлин кIант Сайд-Хьусайн, Элстинжара Бола, Гуьмсера Абубакаран кIант Iабдурашид, Жимчу-АтагIара Сулимин Сайд-Ахьмад, Мадин Махьмуд, Зеврбиган Жунайд, иштта кхин дуккха а.

Меттан говзанчаш а гинера Хож-Ахьмад-Хьаьжина, амма меттан говзанча а волуш волчу Iеламстага муьлхха а шад бостур буйла хиира цунна хьалхе. Цундела цо ша кеч а вира оцу балхана. Хийла меттигашкахь махкахь а гIарабевлла болчу баккхийчу Iеламнаха дашца а, гIуллакхца а некъ буьтура цунна, дика-вонна хьалха воккхура. Дуккха а маслаIаташкахь, Хож-Ахьмад-Хьаьжа хьалха а волуш дехаре баханчехь, жоьпан дайша жоп далар цуьнгахь дуьтуш меттигаш яьхкина, со теш волуш.

Шен хене хьаьжна ца Iаш, хаарех тоам бина воцуш, тахана а керла долчу хIуманна тIекхиа лаам болуш, шуьйрачу хаамийн гIирсашца уллера гергарло леладо цо, «керланашка» ладугIуш, дуьненан юкъара хьал девзаш ву Хож-Ахьмад-Хьаьжа.

Вайн махкахь араяьлла исторически бух болуш йолу массо а киншка ешна хаало суна цо.

Цкъа ас хаьттира цуьнга: Россин радио-телеканалашка а, вайн республикан каналашка а хьожу хьо, вайн махкахь ара мел йолуш йолу Iилманчийн литература йоьшуш ву хьо. Муха лараво хьо? - аьлла.

- Вайн заман чохь Iеламстаг хиларх тоьаш дац. Дуьненахь а, шен махкахь а долу хьал, шен халкъан истори хууш хила веза муьлхха а стаг, - элира Хож-Ахьмад-Хьаьжас.

ТIаккха, вела а къежаш, тIетуьйхира:

- И хууш ца хилча со веккъа молла бен хир ма вацара, - аьлла.

ХIокху тIаьхьарчу масех шарахь Хож-Ахьмад-Хьаьжица кхечу махкашка ваха дезна сан: Кувейте, Катаре, Марокко – бусалба динан дуьненан юкъарчу конференцешкахь дакъалаца, Макка, Мединате – Хьаьждан.

Цига новкъадовлуш, Москвахь, «Президент-Отель» хьеша цIачохь, Россехь девзаш долу газеташ а, журналаш а оьцуьйтий, чу чохь а, цул тIаьхьа воьдучу метте дIакхаччалц, кеманахь а, уьш доьшуш хуьлура Хож-Ахьмад-Хьаьжа. ДIа ма кхеччи, хьеша цIачохь дIатарделла девлча, ший а ара а волий, цигара Iарбийн маттахь долу газеташ оьцура, денна а керла арадаьлларш оьцуш, мукъа хан царна тIехь, уьш доьшуш йоккхура, шена хазахетарг, ша тидам бинарг соьца дийцаре дора. Юха цIадогIуш а иштта керла газеташ оьций, цIа кхаччалц уьш доьшуш вогIура.

Цундела ву Хож-Ахьмад-Хьаьжа мичча меттехь а, муьлххачу хьолехь а бийца говза мотт болуш.

Вайна дукхазза гина Россин пачхьалкхан лакхара хьакамаш вайн махка баьхкича, цаьрца цо говзачу оьрсийн маттахь къамел деш, хьеший шаьш цец а буьйлуш.

Белхан гIуллакхца сих-сиха хуьлу со Хож-Ахьмад-Хьаьжа волчохь. Цхьацца йозанаш деш, я цхьа киншка йоьшуш, я Къуръан, жайна доьшуш караво суна иза хIоразза а. Хьалха телефонехь вист а хуьлий, ван пурба а доьхий, воьду со даима а. ТIаьххьара воьдуш, со дIакхаьчча, уьйтIахь, рагIу кIелахь, Сийдолу Къуръан дешна волуш вара Хож-Ахьмад-Хьаьжа. Со а, соьца волу накъост а шена герга а вехна, тхо улле охьа а лахдалийтина, мел дIакхайкхийра шайн дайшнаноншна а санна, тхан дайшнаноншна, гергарчарна а дIакхачош.

ТIаккха элира:

- Кхо де хьалха долийнера ас хIара Къуръан деша, шун дайнаний а цхьаьна дагалаьцна, нийсса шу хIокху уьйтIа довлуш дешна чекх а дели сан хIара, - аьлла. Иштта шех ойла хоьттиначунна шегара беркат долуш ву-кх сан хьаша Хож-Ахьмад-Хьаьжа. Дала сий дойла хьан Ваши!

2006-чу шарахь дуьйна «Исламан зIаьнарш» редакцехь коьрта консультант (дагадовлархо) ву Хож-Ахьмад-Хьаьжа, иштта меттигерчу «Грозный» телеканалехь «Ийманан шовда» телепередачехь нехан хаттаршна жоьпаш луш а ву. Вуьшта, цо деш долу бусалба нехан юкъара дийнахь, - аьлла.

Бакъдолуш, кхиаме болх бара иза. ВуьрхIитта изданешкара журналисташ бара цигахь, цхьамма делларг кхечо ца луш хаттарш делира массара а, жоьпаш кхачам боллуш дара.

Тоьлла ю Хож-Ахьмад-Хьаьжин библиотека. Олуш ма-хиллара, аганара гIаьттичхьана Iилма Iамош хиларе терра, Iилмаман жайнаш, иштта коьрта меттиг дIалоцуш йолу Орден. Къаьсттина деза ду цунна и шайн дай баьхначу юьртахь – Бенахь, шен воьалгIачу ден Арсангирин цIарах маьждиг схьадоьллуш нисделла хилар. КадыровгIеран дайх дуьххьара Бенара Хоси-Юрт йолчу мехкашка охьакхелхинарг Арсангира ву.

Дерзош дало лаьа Хож-Ахьмад-Хьаьжас олуш долу, вайна массарна а дагах кхеташ, бакъонца долу



*Нажи-Юьртан кIоштарчу Бенара КадыровгIеран воьалгIачу ден Арсангирин цIарах маьждиг.*

гIуллакхаш, дийцина вер воцуш, дукха ду.

Хож-Ахьмад-Хьаьжин белхан мах хадийна хьалха а пачхьалкхан лакхарчу тIегIантIехь. «Нохчийн Республикин хьакъволу журналист», «Дато бухIа», «Умматана гIуллакх дар», Россин Федерацин Федеральни Гуламан куьйгалхочо Миронов Сергей Михайловича Сийлаллин грамота елла. И Грамота яларан бух иштта бу. Кувейтехь, цигарчу журналисташна пресс-конференци елира Хож-Ахьмад-Хьаьжас, Кувейтехь волчу Россин посолца Кинщак Александр Александровичца цхьаьна. Цул тIаьхьа Кинщака воккхаверца Хож-Ахьмад-Хьаьже элира:

- ХIокху пхеа шарахь тхоьга ца даделларг ди-кх ахь тахана цхьана ду бусалба динан жайнаш, тайп-тайпанчу куьцешца кечдина Сийдолу Къуръан.

Ша къастийна йолчу чохь дукха ду Президента а, Парламенто а, иштта Iедалан дуккха а векалша делла совгIаташ, орденаш, медалаш, Сийлаллин грамоташ.

Уьш тоьшалла ду нохчийн халкъ кхетош-кхиорна, вайн махкахь иййман-ислам даржорна тIехьажийна Хож-Ахьмад-Хьаьжас беш болчу белхан массо а тIегIанехь болчу куьйгалхоша леррина тидам беш хиларан, хьокъала боллу мах хадош хиларан.

Оцу дерриге а совгIател сийлахь а, деза а ду Хож-Ахьмад-Хьаьжина хIара тIаьххьара делла совгIат – Кадыров Ахьмад-Хьаьжин цIарах дешнаш:

«Зударийн сийдоцчу махкахь къонахий кхуьур бац». Нийса а, ала догIуш а аьлла дешнаш ду уьш. Вайн пачхахьа Кадыров Рамзан Ахматовича сих-сиха даладо уьш шен къамелехь, нохчалла, оьздангалла, къонахалла, гIиллакх, гIуллакх, яьхь, юьхь, сий-пусар, ларам, лерам – уьш дерриге а юкъадалош ша вистхуьлуш.

Дала могаш волуш, доьзалан вон ца гуш, ирсе вахар хуьлда хьан, Хож-Ахьмад-Хьаьжа!

Дала хIинца санна, вайн махкана, берриге а бусалба нахана беркате волуш вахар дойла хьан!

***«Исламан зIаьнарш» газетан редакцин тобанан цIарах Заурбекова МасIуд***

## Напутствия к Рамадану – 2018

Аллах вменил в обязанность соблюдение поста для того, чтобы полностью освободить человека от какого-либо давления и раздражителей; освободить его от власти своих же инстинктов, дабы он вырвался из оков своего тела, стал сильнее и победил позывы своих страстей; чтобы он мог ограничить свои желания, даже в отношении разрешенных вещей, которые находятся перед ним.

Таким образом, душа постящегося возвышается и становится ближе к своему Господу, она взывает к Нему и получает ответ. «Если Мои рабы спросят тебя обо Мне, то ведь Я близок и отвечаю на зов молящегося, когда он взывает ко Мне. Пусть же они отвечают Мне и веруют в Меня, – быть может, они последуют верным путем»

***(Корова, 186).***

Аль-Рафии сказал: «Клянусь Аллахом, если бы исламский пост охватил всех обитателей земли, тогда бы все человечество объявило революцию на целый месяц в году, для того чтобы вознести себя на более достойный уровень. Для того, чтобы очистить этот мир от грязи и нечестия, чтобы стереть с нее жадность и эгоизм. Для того, чтобы осознал постящийся на примере своего тела, а не из книг, что такое терпение, стойкость и воля и с помощью этого достиг степени человечности, равноправия и благодеяния и осуществил с их помощью смыслы братства, свободы и равенства» («Вдохновение пера», отредактированное).

Рамадан является любимым месяцем для верующих, мягким для тех, кто узнал своего Господа, наполненным прекрасных надежд на милость Аллаха. Рамадан – это утоление жаждущих душ, величие верующих в подчинении их Господу и радость победы над собственной душой и шайтаном.

Постящиеся правдивые верующие знают, что у них с Аллахом заключен завет. Они знают, какие усилия уже приложили и какие еще смогут приложить, довольствуясь наградой и воздаянием, довольствуясь успешной сделкой с их Господом. Как сказал Ибн Аббас, да будет доволен им Аллах: «Души, которые Он создал, имущество, которым Он нас наделяет, а после – Рай, который Он дает нам за это. Как прекрасна эта успешная сделка!».

02 →

## Таравийхь-ламаз

Таравийхь-ламаз, къаьсттина Рамадан баттахь деш долу, буьйсанан ламаз ду.

Маьждигехь жамаIатца дар гIоле ду иза, ша цхьамма цIахь дича а хуьлу.

Иза деза суннат хилар гойтуш ду Элчано (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) дина хилар а, диначунна ял йийцина хилар а.

Бухарийс а, Муслима а Абу-ХIурайратера ду аьлла дийцина Элчанан хьадис, цо (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) аьлла: «Рамадан баттахь, уьш дан дезаш хилар бакъдеш волуш, даггара Делан дуьхьа (таравийхь-ламазаш деш) лаьттинарг – цунна гечдийр ду хьалха динчу къиношна».

Асхьабаша, хIора ши ламаз мосазза ди, садоIуш хилла дела, таравийхьан (садаIаран) ламаз аьлла цIе яхана цуьнан.

Цуьнан хан – пхьуьйра ламаз динчул тIаьхьа, Iуьйра ламазан хан тIекхаччалц ерг ю.

Барамах дерг аьлча – вайн махкахь лелош дерг цхьайтта ракаIат ду: шишша ракаIат долу диъ ламаз а, уьш дерзош деш долу витран кхо ракаIат а.

03 →



В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

## Хьан вахар

**(Кадыров Хож-Ахьмад-Хьаьжина)**

Хьан детин суьлхьанаш
СовгIат ду доккха,
ДуьнентIехь мел веха
Дицлур а доцуш.
АллахI а, Элча а
Хьехош хан йоккху,
Бала а, гIайгIа а
ДегIаца йоцуш.

ГIиллакхе лелийнарг
Деза ду дагна.
Дийнахь а, буса а
Болх бо ас цаьрца.
Бусалба дин дуьйцуш
ЛадогIа хьаьгна,
ЦIаьххьана хьо сецча
Хаттарш даларца.

Хьан хIусамнана а
Охьа а хиъна,
Iеш яра, лахъелла,
Куралла йоцуш.
Вайшиннан къамеле
ЛадогIа лиъна,
БIаьргаш чохь хIумма а
Къахкар а доцуш.

Ирс долуш го иза
Хьоьга ладугIуш.
Ойлане хьоь хьоьжуш
ЙогIа а елла.
Иштта и ца хилча
Хир яра муха?
Маьлхан нур кхеттачух
Юьхь яьлла серла.

Хьан хьехам хийлачийн
Дегнашкахь беха.
Кавказехь; цул дехьа
Мел болчу нехан,
Дийцинарг тIеоьцуш
Исламехь беха,
Дахарехь ца бала
Харцонех Iеха.

Хьан юьхь ю стигларчу
Седанал сирла.
Гойту цо хьан деган
ЦIаналла, йовхо,
Кийрара даьлла дош
Ма дац цхьа шийла,
Бусалба цхьа а стаг
Ца во ахь човха.

Хьекъале хьехамаш
Тхан кийра Iенар,
Кхетаме нахана
СовгIат ду доккха.
Иза а хилар ду
Дог а хьан цIена,
Ший ву цхьа хенара,
Хьо ма вац воккха.

Дала хан елла яц
Даима даха.
Хьекъал а, Iилма а
Ма бу хьан бахам.
Сий долуш ма ву хьо
Махкахь, цул арахь,
Хьо кхера оьшуш дац
Дуьнен тIехь варна.

Халкъалахь вехар ву
Дуьне мел деха.
Ахь бечу хьехамца
Вицвалар доцуш,
Хетара нахана
Дуьненан меха,
Бакъонца хьан вахар
Харцонаш отуш.

Вай-м дукха дехар дац
Кху лаьттан букъ тIехь,
Дахар а соцур ду
Цкъа хьан а, сан а.
ЦIераш вайн ехар ю
Халкъана юккъехь,
Шиннан а дешнашка
ДогIарца ла а.

Хьо дукха вехийла
Шерашкахь ирсе.
Вонаш а ма гойла
Дахаран некъахь.
Атта а йохийла
Муьлхха а ирхеш,
Дала луш, шелбелларш,
Бох а бан хьекъал.

*Рашидов Шаид*
*2018-чу шеран 8-гIа апрель*

СУННАТАШ А, ПАРЗАШ А

# Напутствия к Рамадану – 2018

← 01

Быть может, этот благодатный месяц заставит нас пересмотреть свои позиции. И мы станем жить, как ожидает того Аллах, будучи великой общиной, которая доносит послание спасения и жизни этим мирам.

И счастлив тот, кто в этот великий месяц упорядочил свои дела и подготовил себя для осознания этих смыслов с самого первого момента его наступления. А как иначе?! Ведь большинство из нас жалуется на слабость своих убеждений и на черствость своего сердца. Порой, в земном поклоне нет духа, в молитве нет смирения, а аяты Корана читаются без размышления над ними. И поэтому, по своей милости и щедрости, Аллах сделал для нас остановки, где мы можем сделать привал, пополнить свои запасы и «очистить свои сердца от ржавчины». Самой великой из таких остановок является месяц Рамадан. В хадисе, который передали Ахмад и Ат-Тирмизи говорится: «Будет несчастен тот человек, которого застал месяц Рамадан и закончился прежде, чем ему были прощены грехи». Если в Рамадан человеку не были прощены грехи, то когда же вообще они могут быть прощены?!




В хадисе, который передает Ат-Табарани от Анаса, да будет доволен им Аллах, говорится: «Когда наступает Рамадан, раскрываются райские двери, закрываются двери ада, злобные шайтаны заковываются в цепи и возвещает глашатай от Аллаха: «О, желающий блага, стремись! О, желающий зла, отвратись!»

Готовится ли кто-нибудь к Раю?!

В сообщении, которое передал Ибн Маджа, Посланник Аллаха, да благословит его Аллах и приветствует, говорит: «Стремится ли кто-нибудь к Раю, поистине, Рай ни на что не похож. Он, клянусь Господом Каабы, – сияющий свет, раскачивающиеся сады, воздушные замки, текущие реки, спелые фрукты, красивые жены, многочисленные украшения, бессмертная жизнь в идеальном доме, фрукты, зелень, изобилие и милость в раскошном и прекрасном местепребывании. Они ответили: Да, о, Посланник Аллаха, мы стремимся к нему. Он сказал: Тогда скажите: если на то будет воля Аллаха. И они сказали: Если на то будет воля Аллаха».

Брат, соблюдающий пост!

Аль-Хасан аль-Басрий сказал: «В начале каждого дня вестник зовет: «О, сын Адама, я есть новое творение и я свидетель твоих деяний. А посему воспользуйся мной, ибо когда я уйду, то не вернусь вплоть до Дня Воскресения». Мы должны отчитывать себя за свою веру. Часто ли мы каемся и просим прощения? Смиренны ли мы перед Аллахом должным образом? Полагаемся ли мы на Него, так как следует? Спрашиваем ли мы себя об обязанности призыва к Аллаху, является ли это нашей главной задачей?

Нам необходимо больше молится с покорностью и смирением, чтобы Аллах облегчил положение притесненных в различных уголках планеты, а на молитву постящегося во время разговения обязательно было отвечено, как сообщил нам об этом Пророк, да благословит его Аллах и приветствует. Необходимо соблюдать итикаф (постоянное пребываение в мечети) в последние десять дней Рамадана, а если такой возможности нет, то хотя бы по нечетным ночам или в любое время, когда есть возможность. Да облегчит нам Аллах совершение того, что Он любит и чем Он доволен.

Духовное Очищение

На личном уровне

Постоянное покаяние

Чтение Корана (прочтение Корана полностью в Рамадан, минимум два раза)

Поминание Аллаха (утреннее и вечернее, во время и после еды, во время выхода из дома, во время возвращения домой, перед сном и после пробуждения и т.д.)

Своевременное совершение обязательных и желательных молитв (по возможности в мечети)

Пост избранных («пост хавас»)

Ежедневное выстаивание молитвы – таравих

Выстаивание молитвы-тахаджуд (хотя бы в последние десять ночей Рамадана)

Итикаф (хотя бы три ночи)

Вирд испрашивания-прощения (минимум 70 раз в день)

Садака (минимум раз в неделю)

Мольба (ежедневно, хотя бы 10 минут)

Приглашение кого-нибудь из постящихся на ифтар (без расточительства)

На уровне семьи:

Чтение Корана (прочтение четверти Корана вместе с семьей еженедельно и прочтение его совместно полностью)

Поминание Аллаха (побуждение семьи поминать Аллаха во время еды, во время выхода из дома, во время возвращения домой, перед сном и после пробуждения и т.д.)

Своевременное совершение молитв

Ежедневное совершение молитвы-таравих

Вирд испрашивания прощения (минимум 70 раз в день)

Садака (по возможности)

Побуждение совершения молитвы ад-Духа

Приглашение кого-нибудь из постящихся на ифтар (без расточительства)

***(Электронные средства информации)***

***Подготовил к печати С.Муртазаев***

# СагIин дозалла

*БисмиллахIиррохьманиррохьийм*

**ДЕШХЬАЛХЕ**

Хастам бу АллахIана, комаршо, шукра, хаза хастам Шена болчу, сагIа луш болчарна рицкъа далар дукха долуш а, царна уггар дика бекхам бан чIагIо йина а Волчу. Ас хастам бо Цунна паргIатонехь, халонехь. Делера салам-маршалла хуьлда эвлаяийн тхьамда, Делах кхоьруш болчеран имам, хьокхуш болу мох санна, шен комаьрша куьг сагIа даларехь даима кховдийна волчу Мухьаммадна, цуьнан доьзална, халонехь, аьттонехь сагIа луш хилла болчу цуьнан асхьабашна.

Баккъал а, сагIа даларо хаза лар юьту, тIаьхье беркате а хуьлуьйту, и сагIа даьккхинарг цхьаъ велахь я цхьа тоба елахь, и сагIа даьккхинчунна дагна паргIато я синтем ца хиллехь а, я и схьаэцначу къечу стагана цунах хазахетар ца хиллехь а.

Суна лаьа, сагIин дозаллех лаьцна Iеламнаха аьлла дешнаш хьахо, хьалха заманахь а, хIинца а сагIанаш даьхначарех лаьцна мехала дийцарш дийца. Везачу Деле вай доьху церан сагIанаш къобалдар, вай ечу Iамалехь, олучу дашехь Цо вайн нигаташ цIена хилийтар.

Хьуна хоийла, цхьаболчу нахана сагIин белхаш бовза ма-беззара бевзаш цахилар. Царна моьтту, сагIадаккхар деккъа дохнаца доьзна ду, амма иза иштта дац. Цундела хIокху жайни чохь сагIин дозалла, цуьнан дакъош дуьйцуш дуккха а хьадисаш далийна. ХIокху жайнехь долу аяташ, хьадисаш, Iеламнехан дешнаш ахь дешча, хьуна девзар ду сагIин дакъош, цуьнан бехкамаш, и къобал хиларх юхатухуш долу бахьанаш.

Сайн къамел дерзош, Веза-Сийлахьчу Деле доьху ас дика Iамал ярна тIехь, цIена нийят хиларехь аьтто бар, Цо сайна гечдар, со маьрша витар. ХIай АллахI, тхо лардехьа гуш, ца гуш долчу питанех, тхан мохк, кхиболчу бусалба нехан мехкаш даима тешаме, маьрша хилийтахьа. ХIай АллахI, Айхьа тхуна тIехIиттийначеран ницкъ кхачийтахь Хьо реза волчу новкъа дIабаха. Делера салам-маршалла хуьлда вайна дукхавезаш волчу Мухьаммад-пайхамарна, цуьнан доьзална, асхьабашна, берриге а бусалба нахана.

**«Аш сагIанаш (нахана) гуш дахахь – дика ду иза (аш беш берг дика болх бу). Аш уьш къайлах даьхна, къечу нахана дIалахь – и ду шуна уггар деза дерг, цо дIадохур ду шун вуонаш, АллахI аш дийриг хууш ма ву».**
**«Аль-Бакъарат», 271.**

**САГIА ДАЛАРАН ХЬОКЪЕХЬ ДАЬХКИНА ЦХЬАДОЛУ АЯТАШ**

Веза-Сийлахьчу Дала аьлла: «Мила ву Деле юхалург хаза декхар луш верг (Делан дуьхьа, шен даьхни сагIина луш верг). – Цо цунна масийтта декъехь алсамдоккхур ду иза. И Дела рицкъанехь гатто еш верг, шорто еш верг ву, Цуьнга дерзор долуш а ду шу». «Аль-Бакъарат», 245.

Веза-Сийлахьчу Дала аьлла: «Шайн даьхни Делан новкъахь сагIина луш болчеран масал – буьртиган масалх тера ду, ша ворхI кан схьабалийтина а, хIора кена чохь бIе буьртиг а болчу. АллахI-Дала совдоккхур ду Шена луучунна, И Дела (комаршонца) шорто еш Верг а, хууш Верг а Ву. Шайн даьхни Делан новкъахь сагIина луш берш, цул тIаьхьа шайн сагIанаш тIехдеттаршций, халахетарш дарций хьеха а ца деш, – царна ял хир ю шайн Далла гергахь, кхерам а хир бац царна, гIайгIане а хир бац уьш. Хаза дош алар, гечдар гIоле ду шена тIаьхьа халахетар деш долчу сагIанал, АллахI хьал долуш а (шен халкъера хIумма ца оьшуш), кIеда-мерза а (Iазап дарца сихо ца еш) ву». «Аль-Бакъарат», 26I-263.

Веза-Сийлахьчу Дала аьлла: «Аш сагIанаш (нахана) гуш дахахь – дика ду иза (аш беш берг дика болх бу). Аш уьш къайлах даьхна, къечу нахана дIалахь – и ду шуна уггар деза дерг, цо дIадохур ду шун вуонаш, АллахI аш дийриг хууш ма ву». «Аль-Бакъарат», 27I.

Веза-Сийлахьчу Дала аьлла: «Шайн даьхни буса а, дийнахь а, къайлах а, гуш а сагIина луш берш – царна мел хир бу шайн Далла гергахь, кхерам а хир бац царна (къемата дийнахь), гIайгIане а хир бац уьш (дуьненахь шайх дIатиллачух)». «Аль-Бакъарат», 274.

Веза-Сийлахьчу Дала аьлла: «Аш сихо е шайна Делера гечдаре а, стигланаш, латта санна шуьйрачу ялсамане а – Делах кхоьручарна кечйина йолчу. И нах бу уьш, шаьш паргIатонехь, халонехь болуш (хьалдолуш, къен болуш) сагIа луш, шайн оьгIазло хьулъеш (и чекхъяккха шайн ницкъ кхоччушехь), нахана къинтIера бовлуш болу, АллахI дика деш берш дукхабезаш (царна хаза бекхам бийр болуш) Ву». «Алу Iимран», I33-I34.

Веза-Сийлахьчу Дала аьлла: «Ахь ала: «Баккъал а, сан Дала шортта рицкъа ло Шен лех Шена луучунна, Цо цунна (рицкъанехь) гатто а йо. Аш (дикачу новкъахь) сагIина елла хIума Цо (Дала) меттахIоттайо, Иза рицкъа лучарах уггар диканиг ву». «Ас-Сабаъ», 39.

еза-Сийлахьчу Дала аьлла: «Мила ву Деле юхалург хаза декхар луш верг (Делан дуьхьа, шен даьхни сагIина луш верг). – Цо цунна масийтта декъехь алсамдоккхур ду иза, цунна сийлахь йолу ял а (ялсамани) хир ю». «Аль-Хьадид», II.

Веза-Сийлахьчу Дала аьлла: «Баккъал а, сагIа луш болу божарий а, зударий а, Деле юхалург хаза декхар луш берш – (Дала) царна масийтта декъехь алсамдоккхур ду иза, царна сийлахь йолу ял а (ялсамани) хир ю». «Аль-Хьадид», I8.

Веза-Сийлахьчу Дала аьлла: «Шу Делах кхералаш шайн ницкъ ма-кхоччу, аш ладогIалаш (шайна бечу хьехаме), шу муьтIахь хилалаш (Дала бохучунна), аш сагIа лолаш (Делан новкъахь) – и дика ду шуна шайна. Шайн синан бIаьрмецигаллех дIацIанбелларш – уьш букх декъалхилларш. Аш духалург Деле хаза декхар лахь – Цо шуна иза масийтта декъехь алсамдоккхур ду, шуна гечдийр ду. АллахI баркалла олуш ву (дика динчунна), кIеда-мерза а ву (къинош долчу Шен лешна сихха таIзар ца деш)». «Ат-ТагIабун», I6-I7.

Веза-Сийлахьчу Дала аьлла: «Аш Деле юхалург хаза декхар ло (Делан дуьхьа, сагIа ло). Аш шайна хьалхадаьккхина диканиг – шуна иза карор ду, Далла гергахь дика долуш, дукха йоккха ял йолуш. Деле гечдар деха аш, баккъал а, Дела гечдеш верг, къинхетаме верг ву». «Аль-Муззаммил», 20.

**САГIА ДАЛАРАН ХЬОКЪЕХЬ ДАЬХКИНА ЦХЬАДОЛУ ХЬАДИСАШ**

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) волчу цхьа стаг веара, цо цуьнга хаьттира: «ХIай Делан Элча, ял алсам йолу сагIа муьлха ду?» – аьлла. Цо жоп делира: «Ахь сагIа далар ду, хьо могаш а, сутара а, къеллах кхоьруш а, хьал хиларе сатуьйсуш а волуш; тIаьхьа а ма тетта ахь, са (валарна гергахь) къамкъарге кхаччалц, ахь ала а олуш: «Хьенехана иза ду, минехана иза ду, тIаккха иза хила хуьлу хьенехана». Бухари, Муслим.

АшIарин тайпана волчу Абу Малика (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: «ЦIано ийманан ахдакъа ду, альхьамду лиллахIи (АллахIана хастам бу) аларо мийзан терза хьаладузу, ткъа субхьаналлохIи, вальхьамду лиллахIи (АллахI шеца там мел боцчух цIена ву, АллахIана хастам бу) бохучо хьаладузу стигланашна а, лаьттана а юкъахь дерг, ламаз – нур ду, сагIа – ийманан билгало ю, собар – гIайгIа, бала дIабоккхуш серло ю, Къуръан (цо бохучунна тIевирзинехь) хьоьгахьа, я (цо бохучух дIавирзинехь) хьуна дуьхьал тоьшалла ду. ХIора стаг а Iуьйрре araволу, ткъа царех ву шен са духкург, и хьалхадоккхург (Далла муьтIахь хуьлий) я и хIаллакдийриг (Далла Iеса хуьлий)». Муслим.

**«Шайн даьхни Делан новкъахь сагIина луш болчеран масал – буьртиган масалх тера ду, ша ворхI кан схьабалийтина а, хIора кена чохь бIе буьртиг а болчу. АллахI-Дала совдоккхур ду Шена луучунна, И Дела (комаршонца) шорто еш Верг а, хууш Верг а Ву. Шайн даьхни Делан новкъахь сагIина луш берш, цул тIаьхьа шайн сагIанаш тIехдеттаршций, халахетарш дарций хьеха а ца деш, – царна ял хир ю шайн Далла гергахь, кхерам а хир бац царна, гIайгIане а хир бац уьш. Хаза дош алар, гечдар гIоле ду шена тIаьхьа халахетар деш долчу сагIанал, АллахI хьал долуш а (шен халкъера хIумма ца оьшуш), кIеда-мерза а (Iазап дарца сихо ца еш) ву».**
**«Аль-Бакъарат», 261-263.**

**«Шайн даьхни буса а, дийнахь а, къайлах а, гуш а сагIина луш берш – царна мел хир бу шайн Далла гергахь, кхерам а хир бац царна (къемата дийнахь), гIайгIане а хир бац уьш (дуьненахь шайх дIатиллачух)».**
**«Аль-Бакъарат», 274.**

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: «Цхьа хурма бен яцахь а, ша гулдинчу цIенчу (хьанал долчу) даьхнех сагIа делларг милла велахь, ткъа АллахI хьанал дерг бен къобалдеш ма вац, баккъал а, АллахIа и (сагIа) къобалдарца схьаоьцу. ТIаккха и сагIа деллачунна Цо и кхиадо, ламанал доккха ша хиллалц, шух цхьамма говран бекъа я эмкалан кIорни кхиорах терра». Бухари, Муслим.

Абу Умамата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: «ХIай Адаман кIант, хьайна оьшучу барамал совдаьлларг ахь сагIина лахь, иза дика ду хьуна, ахь и ца луш хьайгахь сацадахь, иза вуон ду хьуна, хьайна оьшучу барамехь сацадарх бехк буьллур бац хьуна. Айхьа кхобуш болчарна тIера дIаволало хьо. Лакхара куьг (сагIа луш долу куьг) лахарчу куьйгал (сагIа схьаоьцучу куьйгал) дика ду». Муслим.

Ансарех волчу Абу МасIуда (Дела реза хуьлда цунна) дийцина: «Цхьа стаг веара, жулар (дуьрста) тесна йолу эмкал ялош; цо элира: «ХIара Делан новкъахь сагIа ду». Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира: «Хьуна и бахьнехь Къематан дийнахь ворхI бIе эмкал хир ю, уьш ерриге жулар тесна а йолуш». Муслим.

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: «Веза-Сийлахьчу Дала аьлла: «ХIай Адаман кIант, сагIа ло ахь – Аса хьуна а лур ду». Бухари, Муслим.

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: «Лено олу: «Сан даьхни, сан даьхни», ткъа цунна шен даьхнех кхо хIума ду: цо ша диъна дIадаьккхинарг, я цо тIедуьйхина тишдинарг, я цо сагIина дIадаларца эхартана дIадиллинарг. И доцург, дIадолуш, цо (ша веллачул тIаьхьа) нахана дуьтуш а ду». Муслим.

*(ТIаьхье хир ю)*

***Шун бусалба ваша – Iелин Сулайманан кIант Халид***
***Гочдинарг Магомедов С.***

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

СУННАТАШ А, ПАРЗАШ А

# Таравийхь-ламаз

### ЛАМАЗ ДАРАН КЕП

← 01

Пхьуьйра ламаз а, цул тIаьхьа долу шиъ ракаIат суннат ламаз а дина, тасбихь, доIа дина а ваьлча, кхана кхаба дезачу мархин нийят дийр ду: «Ас нийят ди кхана хIокху шеран Рамадан беттан фарз-марха Делан дуьхьа кхаба», – аьлла. ТIаккха хIора ламазана хьалха имама: Ассалату жамиIахI, – олуш, массара а: Ла хьавла ва ла къуввата илла биллахIи, АллахIумма салли Iала Мухьаммадин ва Iала али Мухьаммадин ва саллим, АллахIумма инна насъалукал-жанната ва наIузу бика минан-нари, эр ду, т1аккха нийят дина, таравийхь-ламаз доьхкур ду: «Ас нийят ди таравийхь ши ракаIат суннат ламаз (имам волчу хьолехь, я имамана тIаьхьа хIоьттина) Далла дан, АллахIу Акбар», – аьлла.

Иштта таравийхьан диъ ламаз (бархI ракаIат) дийр ду.

ХIора ши ламаз мосазза ди: СубхьаналлахIи, вал-хьамду лиллахIи, ва ла илахIа иллаллахIу, валлахIу Акбару, СубхьаналлахIи Iадада халкъихIи, ва ризаа нафсихIи, ва зината IаршихIи, ва мидада калиматихIи, – эр ду.

ТIаккха витру-ламазаш дийр ду: «Ас нийят ди витран ши ракаIат суннат ламаз Далла дан», – аьлла доьхкур ду хьалхарниг. ШолгIаниг: «Ас нийят ди витран цхьа ракаIат суннат ламаз Далла дан», – аьлла доьхкур ду.

Цул тIаьхьа хIара тасбихь дийр ду: «Субхьаналь-Маликиль-Къуддуси, Субхьаналь-Маликиль-Къуддуси, Субхьан-АллахIиль-Маликиль-Къуддуси, Суббухьун, Къуддусун, Раббуна ва Раббуль-малаикати вар-рухьи. Субхьана ман таIаззаза биль-къудрати вал-бакъаи, ва къахIараль-Iибада биль-мавти валь-фанаи, Субхьана Раббика Раббиль-Iиззати Iамма ясифуна, ва саламун Iалаль-мурсалийна, валь-хьамду лиллахIи Раббиль-Iаламийна».

ТIаккха доIа дийр ду: «Аль-хьамду лиллахIи Раббиль-Iаламийна вас-салату вас-саламу Iала расулиллахIи. АллахIумма заййинна бизинатиль-иймани, ва шаррифна бишарафатиль-хIидаяти валь-Iирфани, ва акримна бисиями шахIри Рамадана, варзукъналь-жанната валь-гIуфрана, ва такъаббаль минна таравийхьана я Субхьану, вастажиб дуIана я Хьаннану, бифазлика ва жудика я Маннану, бирахьматика я Архьамар-Рахьимийна. АллахIумма салли Iала Мухьаммадин ва Iала али Мухьаммадин ва саллим» (ТIаккха фатихьат доьшур ду).

### КЪУНУТ-ДОIА

Рамадан беттан шолгIачу декъехь, витран цхьа ракаIат долчу ламазехь, рукуIера хьаланисвелча, къунут-доIа дешар суннат ду. Нахалахь «МахIдин» доIа аьлла девзаш ду иза: «АллахIуммахIдини(на) фийман хIадайта, ва Iафини(на) фийман Iафайта, ва таваллани(на) фийман таваллайта, ва барик ли (лана) фийма аIтIайта, ва къини(на) шарра ма къадайта, фа иннака такъды ва ла юкъда Iалайка, ва иннахIу ла язиллу ман валайта, ва ла яIиззу ман Iадайта, табаракта Раббана ва таIалайта. Фалакаль-хьамду Iала ма къазайта, ва лакаш-шукру Iала ма хIадайта, (н)астагIфирука ва (н)атубу илайка. Ва саллаллахIу Iала саййидина Мухьаммадинин-набиййиль-уммиййи ва Iала алихIи ва сахьбихIи ва саллама».

Нахе ламаз дойтуш хьалха ваьллачо (имама), хIара доIа хезаш а, лакхахь вай йиначу билгалонашца дукхаллин терахь лардеш а доьшур ду. ТIаьхьахIиттинчара (маьмумаша), юьххьера дуьйна, иза дешна валлалц, цунна тIаьхьара амин эр ду.

ХIара доIа доьшуш куьйгаш хьалаайдийр ду, чекхдаьлча, куьйгаш юьхь тIе ца хьокхуш, сужуде гIур ву.

*Муртазаев Сайдмохьмад*

# Рамадан беттан беркат

Къинойх вай лардалийта а, ялсамане даха бахьана хилийта а вайна марханаш кхабар тIедиллинчу Далла хастам бу. Делера къинхетам а, маршо а хуьлда, Цо пайхамараллина хьаржина волчу, (Делах) кхоьруш болчу нехан имам хилла волчу Цуьнан Элчанна. Цо аьлла: «Марха (къинойх ларвеш йолу) дуьхьало ю, сагIано къинош дIадойу, хино цIе дIаяйарх терра».

Марха деза хилар хууш ду, цунах йолу ял йоккха ю. Дикачу Iамалшна Дала ял иттанна тIера ворхI бIене кхаччалц совйоккху, амма марха Дала Шен ду аьлла, цунах Ша къаьсттина ял лур ю аьлла. Лекха волу Аллах1а Шен лешца зуламе вац – комаьрша ву. Шен дуьхьа даар-малар дитина верг Цо ялсаманин стоьмашца кхобур ву, Салсабила олучу ялсаманин татолах цунна хи малор ду. Марха кхобуш, шен дегI лаамех сацийначунна, элира-бохура дитиначунна Дала ялсаманин мехкарий долабохур бу. Далла гергахь долу ниIматаш дукха ду, нахана хууш дерш кIезиг ду. Марха кхобуш волчун багара хьожа, Далла гергахь миск олучу IатIарал а хаза ю. Ялсаманин Райян олуш цхьа неI ю, марханаш кхаьбнарг бен цу не1арх чугIур воцуш.

Лекха волчу Дала аьлла: «Баккъал а, (Делах) кхоьруш берш (ялсаманин) бошмашкахь а, ниIматашкахь а хир бу, шаьш Кхиош-кхобуш волчо шайна деллачуьнца зовкх хьоьгуш. ГIоза даа, гIоза мала (эр ду цаьрга) шаьш йина Iамалш бахьана долуш».

(Къуръан, 52 сурат, 17,18,19 аят)

Делан дуьхьа, ша кхаба ма-деззара марханаш кхаьбнарг, пайхамаршца а, эвлаяашца а, шахIидашца а цхьаьна хир ву, Дела реза хилар а ду цунна. ХIокху дуьненахь кхин барт хаттаран таIзар дар доццушехь, цIенна Делан дуьхьа ма ду цуьнан марха кхабар. Дала ял лур йолуш долу доккха собар ма ду иза, довхачу а, дехачу а дийнахь дууш, молуш доцуш Iер. Лекха волчу Дала доIина жоп луш ву Цуьнан дуьхьа марха кхобушверг. Ши хазахетар а ду цунна: марха достучу хенахь дерг а, хьесапна Далла дуьхьал хIоьттича дерг а. Шен мархано харцлерах, мотт-эладита лелорах, гIийбат-бухIтанах, эрна къамелах, цаоьшучу хьежарх, цамегачуьнга ладегIарх, вон а, боьха а мел долчух а сацош воцург – Далла оьшуш дац цуьнан мацвалар а,



хьагвалар а, ша марха кхобу бохуш цо шена хало яр а.

Шега дов хьедеш цхьаъ велахь, марха долчо олийла: «Сан марха ду, сан марха ду». Ша-шех воккхавер доцуш, рияана а доцуш, шен марха лардеш олийла цо иза.

